

Si w pa gen asirans sante, kounye a se lè pou genyen l.

Ale nan pwochen etap pou ka viv lavi w ansante.

Asirans sante ap ede w peye pou swen sante ou bezwen pou rete an sante.

Chanjman nan lejislasyon sou swen sante te pèmèt anpil moun te ka jwenn asirans sante koulè an. Plis pase 16 milyon moun te deja enskri, men gen lòt ki toujou gen kesyon oswa preyokipasyon. Èske ou gen kesyon osijè asirans sante? Men kèk repons.

“Pouki sa mwen bezwen asirans sante? Mwen deja ap resevwa swen VIH mwen grasa Pwogram Ryan White lan.”

Asirans sante a garanti tout bezwen nan swen sante ou ka genyen. Anplis de swen pou VIH ak medikaman ou yo, w ap kapab jwenn lòt sèvis sante tankou:

- Swen prevansyon gratis, tankou vaksen kont grip ak tès pou detekte kansè
- Swen ak medikaman pou lòt pwoblèm sante ou gendwa genyen tankou maladi kè oswa dyabèt
- Ospitalizasyon
- Tretman pou moun ki pran alkòl oswa dwòg ak sèvis sante mantal
- Swen matènite

Asirans sante pwoteje epay ou. Si gen yon pagay ki rive ou pa t prevwa, tankou yon aksidan machin, ou p ap bezwen depanse tout lajan ou genyen pou peye bòdwo lopital.

“Manadjè dosye mwen te ede mwen jwenn yon plan asirans sante ki bon mache ki garanti tout bezwen mwen genyen nan sèvis sante, iko0npri medikaman pou VIH mwen yo.”



“Asirans sante ka chè. Kijan m ap ka peye pou li?”

Ou kapab jwenn asistans pou peye pou asirans sante selon konbyen lajan ou touche. Nan anpil kote, Pwogram Ryan White lan, ikonpri Pwogram Asistans Medikaman pou SIDA (AIDS Drug Assistance Program – ADAP), gendwa ede w peye pou asirans ak depans pou medikaman – menm apre ou jwenn pwoteksyon.

Plis pase 8 moun sou 10 ki enskri nan asirans sante nan lane 2014 te jwenn asistans finansyè.

“Èske m ap ka kontinye wè doktè oswa nès la ki konn banmwèn swen pou VIH?”

Pral gen yon doktè VIH ou kapab al wè, menmsi si pa menm doktè ou genyen koulyen an.

Kapab travay avèk ou pou konpare plan yo epi chwazi sa ki pibon pou w an. Pandan w ap konpare plan, ou kapab wè tou sèvis ki doktè plan yo garanti.

“E medikaman pou VIH mwen yo? Èske asirans sante a pral peye pou yo?”

Tout plan asirans yo dwe garanti medikaman pou VIH. Lè w ap chwazi yon plan ou vle aplike, ou gendwa tcheke pou wè si plan an garanti medikaman espesifik pou VIH w ap pran yo.

Pifò plan yo mande yon ko-peman pou medikaman ak pou randevou pou ale kay doktè. Sa vle di ou peye yon montan fiks lè ou vin pran preskripsyon ou an oswa lè ou ale kay doktè.

Divès plan gendwa mande pou w peye yon montan lajan pou ko-peman ki pa menm. Kapab ede w chwazi yon plan ki bon mache pou medikaman ak randevou kay doktè ki bon mache.



“Èske mwen toujou kapab resevwa sèvis epi jwenn asistans nan men Pwogram Ryan White ak ADAP?”

Wi, w ap toujou ka kontinye jwenn sèvis nanmen Pwogram Ryan White lan asirans ou pa garanti — tankou pou gen yon manadjè dosye oswa swen pou dan.

Pwogram Ryan White lan, ikonpri ADAP, gendwa ede w peye pou prim asirans sante, ko-peman yo. Tcheke ak manadjè dosye w oswa Pwogram Ryan White lan sou kijan sa ta benefisye w.

Si gen yon rezon kifè ou pa elijib pou asirans sante,

ou kapab toujou resevwa swen VIH ak medikaman ou yo nan Pwogram Ryan White.

“E si mwen pa enskri nan asirans sante?”

Si ou gen mwayen pou achte asirans sante men ou chwazi pou w pa enskri, ou gendwa peye yon chaj si w rete nan Massachusetts oswa New Jersey. Epi ou pral rate anpil sèvis ki gendwa kanbe w an bòn sante!

Si w pa gen pwoteksyon sante ki kalifye w, ou ka gendwa pa bezwen peye chaj la. Ou kapab jwenn yon egzansyon si:

- Ou pa kapab jwenn yon plan ki bon mache
- Ou pa gen anpil revni epi ou pa oblije deklare taks ou yo
- Ou te gen yon peryòd tan kout kote ou pa t gen okenn pwoteksyon
- Ou pa Ozetazini legalman

Pwogram Ryan White la ankouraje w anpil pou w enskri nan asirans sante si w elijib!



“Èske mwen pare pou m enskri? Kisa m dwe fè?”

Pale ak manadjè dosye w pou wè pou ki plan sante ou kalifye.

Ou pa bezwen enskri nan plan pwoteksyon sante pou kont ou. Yon moun kapab ede w fè tout demach yo pou ranpli aplikasyon ou epi pou enskri. Nou kapab bay asistans fas-a-fas oswa nou kapab konekte w ak yon moun ki kapab ede w.

Si w bezwen asistans pou enskri nan asirans sante, kontakte:



ACE TA Center ede founisè Pwogram VIH/SIDA Ryan White enskri divès kliyan nan asirans sante. Si w bezwen plis enfòmasyon, al gade nan: www.targethiv.org/ACE

Se JSI Research & Training Institute, Inc. ki te pare dokiman sa a epi Resous Sante ak Administrasyon Sèvis (Health Resources and Services Administration – HRSA) ki nan Depatman Sante ak Sèvis Imen (HHS) te bay asistans li selon Sibvansyon #UF2HA26520, Fasilite Swen ki San Rete: Ranfòse Kapasite Benefisyè Pwogram Ryan White pou Enskri Kliyan Elijib nan Pwogram Swen Sante ki Bon Mache (Supporting the Continuum of Care: Building Ryan White Program Grantee Capacity to Enroll Eligible Clients in Affordable Care Act Health Coverage Programs). Enfòmasyon oswa kontni ak konklizyon yo se otè an sèlman ki responsab yo epi yo pa dwe entèprete yo tankou pozisyon ofisyèl oswa politik HRSA, ni pèsòn pa ta dwe sipoze HRSA oswa Gouvènman Etazini dakò avèk yo.